

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Kurikulum mangrupa unsur anu penting dina unggal bentuk jeung modél pendidikan, luyu jeung kamekaran pendidikan anu terus ngaronjat dina tiap jenis jeung jenjang pendidikan di Indonésia. Sacara sempit, kurikulum mibanda harti ngan ukur sajumlah mata pelajaran anu kudu dihontal atawa diréngsékeun siswa di sakola atawa paguron luhur. Sacara lega, kurikulum mibanda harti anu teu kawatesanan ku mata pelajaran hungkul, tapi leuwih jembar tibatan éta, kurikulum mangrupa aktivitas naon waé anu dilakukeun di sakola dina rangka mangaruhan siswa dina diajar pikeun ngahontal hiji udagan, kaasup kagiatan diajar ngajar, ngatur strategi dina prosés diajar, sarta ngaévaluasi program pangajaran.

Dina lalampahan sajarahna ti mimiti taun 1945, kurikulum pendidikan nasional geus ngalaman parobahan, nyaéta dina taun 1947, 1952, 1964, 1968, 1975, 1984, 1994, 2004, 2006, jeung anu ayeuna 2013. Dina dunya pendidikan kurikulum mibanda harti sacara sempit jeung sacara lega. Dina sistem pendidikan, kurikulum sipatna dinamis dimana dina lumangsung pelaksanaanna pasti aya waé parobahan, pengembangan, sarta panyampurnaan pikeun nyaluyukeun perkembangan siswa, jeung kamekaran jaman. Parobahan jeung pengembangan kurikulum teu bisa dilakukeun sagawayah, tapi kudu dilakukeun sacara sistematis jeung terarah. Saperti halna parobahan kurikulum anu dilakukeun pamaréntah, ngaluarkeun kawijakan impleméntasi Kurikulum 2013 pikeun sakabéh jenjang pendidikan satingkat Sekolah Dasar (SD), Sekolah Menengah Pertama (SMP), jeung Sekolah Menengah Atas/Kejuruan (SMA/ SMK).

Parobahan jeung pengembangan kurikulum nu asalna kurikulum 2006 jadi kurikulum 2013 anu dilakukeun ku pamaréntah dina ieu hal Kementrian Pendidikan jeung Kebudayaan dilakukeun sangkan bisa ngaronjatkeun pendidikan nasional. Awalna impleméntasi kurikulum 2013 dilakukeun sacara terbatas jeung ngaliwatan sababaraha tahapan, dimana ngan sakola-sakola anu mibanda kritéria anu tangtu hungkul anu bisa ngalarapkeun kurikulum 2013. Rencana pamaréntah

Lisna Yulia Herliani, 2021

*IMPLEMÉNTASI KURIKULUM DAÉRAH 2013 RÉVISI 2017 PANGAJARAN BASA SUNDA DINA NYUSUN RPP SA-KECAMATAN LANGKAPLANCAR KABUPATÉN PANGANDARAN TINGKAT SMA/SMK/MA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

awalna kurikulum 2013 bakal diimplementasikeun pikeun SD 30%, jeung pikeun SMP sarta SMA/SMK 100%, ku kituna dina taun 2016 direncanakeun yén sakabéh sakola bisa ngalarapkeun kurikulum 2013 boh sakola negeri atawa swasta. Dumasar Permendikbud Nomor 160 Taun 2014 ngeunaan Pemberlakuan Kurikulum 2006 jeung Kurikulum 2013 dina pasal 2 ayat (1) ngébréhkeun yén satuan pendidikan dasar jeung pendidikan menengah anu geus ngalaksanakeun kurikulum 2013 salila 3 (3) seméster tetep ngagunakeun kurikulum 2013. Dina ayat (2) ngébréhkeun yén satuan pendidikan dasar jeung pendidikan menengah anu ngalaksanakeun kurikulum 2013 sakumaha anu dimaksud dina ayat (1) mangrupa satuan pendidikan rintisan penerapan kurikulum 2013. Satuluyna dina ayat (3) ngébréhkeun yén satuan pendidikan rintisan sakumaha anu dimaksud dina ayat (2) bisa ganti ngalaksanakeun kurikulum taun 2006 ku ngalapor ka Kapala Dinas Pendidikan Provinsi/Kabupaten/Kota saluyu jeung kawenanganna.

Pengembangan kurikulum ti kurikulum 2006 jadi kurikulum 2013 mangrupa panyampurnaan ti kurikulum 2004 jeung kurikulum 2006 anu leuwih nyoko kana aspék kompetensi sikep, kaparigelan, jeung pangaweruh sacara konprehensif. Sanggeus Menteri Pendidikan diganti dina taun 2016 diberlakukeun kurikulum 2013 édisi révisi dimana aya sababaraha parobahan tina nu saméméhna. Dumasar bahan sosialisasi kurikulum 2013 aya opat élemén dasar nu aya dina kurikulum 2013 édisi révisi nyaéta, Standar Kompetensi Lulusan, Standar Eusi, Standar Prosés, jeung Standar Penilaian.

Dina kurikulum 2013 révisi standar kompetensi lulusan dilaksanakeun sacara imbang antara *soft skills* jeung *hard skills*. Dina Permendikbud Nomor 20 Taun 2016 ngeunaan Standar Kompetensi Lulusan Pendidikan Dasar jeung Menengah, ngébréhkeun yén standar kompetensi lulusan mangrupa kritéria ngeunaan kualifikasi kamampuh lulusan anu ngawengku sikep, pangaweruh, sarta kaparigelan. Standar kompetensi lulusan digunakeun pikeun acuan utama pengembangan standar eusi, standar prosés, standar pendidikan, standar pendidik jeung tanaga kependidikan. Pikeun nyumponan kabutuhan masa nu bakal ka sorang Generasi emas Indonésia Taun 2045, ditetapkeun standar lulusan anu nyoko kana kompetensi abad XXI, Bonus Démografi Indonésia jadi kelompok Tujuh Nagara Ekonomi Terbesar Dunia, jeung sakaligus pikeun nguatkeun

Lisna Yulia Herliani, 2021

**IMPLEMENTASI KURIKULUM DAÉRAH 2013 RÉVISI 2017 PANGAJARAN BASA SUNDA DINA NYUSUN RPP SA-KECAMATAN LANGKAPLANCAR KABUPATEN PANGANDARAN TINGKAT SMA/SMK/MA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kontribusi Indonésia kana pembangunan peradaban dunya. Pikeun ngahontal kompetensi lulusan anu didukung ku standar eusi.

Dina Permendikbud Nomor 21 Taun 2016 ngeunaan Standar Eusi Pendidikan Dasar jeung Menengah diébréhkeun yénstandar eusi mangrupa kritéria ngeunaan ruang lingkup matéri jeung tingkat kompetensi siswa pikeun ngahontal kompetensi lulusan dina jenjang jeung jenis pendidikan nu tangtu. Dumasar Peraturan Pamaréntah Nomor 19 Taun 2005 ngeunaan Standar Nasional Pendidikan nu geus sababaraha kali ngalaman parobahan anu terahir nyaéta Peraturan Pamaréntah Nomor 13 Taun 2015 ngeunaan Perubahan Kedua Atas Peraturan Pamaréntah Nomor 19 Taun 2005 ngeunaan Standar Nasional Pendidikan ditetapkeun yén Standar Eusi nyaéta kritéria ngeunaan ruang lingkup matéri jeung tingkat kompetensi pikeun ngahontal kompetensi lulusan dina jenjang jeung jenis pendidikan nu tangtu. Ruang lingkup matéri dirumuskeun dumasar kritéria muatan wajib anu ditetapkeun luyu jeung katangtuan peraturan perundang-undangan, konsép, kaélmuan, jeung karakteristik satuan pendidikan sarta program pendidikan. Satuluyna tingkat perkembangan siswa, kualifikasi kompetensi Indonésia, jeung penguasaan kompetensi anu berjenjang.

Standar prosés dina Permendikbud Nomor 22 Taun 2016 ngeunaan Standar Proses Pendidikan Dasar jeung Menengah ngébréhkeun yén standar prosés nyaéta kritéria ngeunaan lumangsungna pangajaran di satuan pendidikan pikeun ngahontal standar kompetensi lulusan. Standar prosés dimekarkeun nyoko kana standar kompetensi lulusan jeung standar eusi anu geus ditetapkeun. Ku kituna, prosés pangajaran di satuan pendidikan dilakukeun sacara interaktif, inspiratif, gumbira, aya tantangan, ngamotivasi siswa pikeun aktif, sarta méré ruang anu cukup pikeun prakarsa, kréativitas, jeung kamandirian luyu jeung bakat, minat, sarta perkembangan fisik ogé psikologis siswa. Ku kituna pikeun ngahontal udagan kompetensi lulusan anu alus boh tina sikep, pangaweruh, sarta kaparigelan mangka dina kurikulum 2013 prosés pangajaran ngagunakeun pamarekan saintifik ku cara merhatikeun, nanya, ngolah, nampilkeun, nyimpulkeun, sarta nyiptakeun.

Standar penilaian dina Permendikbud Nomor 23 Taun 2016 ngeunaan Standar Penilaian Pendidikan Dasar jeung Menengah ngébréhkeun yén standar

Lisna Yulia Herliani, 2021

**IMPLEMENTASI KURIKULUM DAÉRAH 2013 RÉVISI 2017 PANGAJARAN BASA SUNDA DINA NYUSUN RPP SA-KECAMATAN LANGKAPLANCAR KABUPATEN PANGANDARAN TINGKAT SMA/SMK/MA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

penilaian pendidikan nyaéta kritéria ngeunaan mékanisme, prosedur, jeung instrumén penilaian hasil diajar siswa. Penilaian pendidikan mangrupa prosés anu mibanda udagan pikeun ngukur hasil diajar siswa. Bentuk penilaian kurikulum 2013 leuwih nyoko kana aspék jeung hasil diajar anu ngagunakeun penilaian auténtik.

Mata pelajaran Basa Sunda mibanda kalungguhan minangka muatan lokal di wilayah Provinsi Jawa Barat. Ari muatan lokal mangrupa kagiatan kurikuler pikeun mekarkeun kompetensi anu disaluyukeun kana ciri has jeung poténsi daérah, kaasup unggulna daérah, anu matéri pokona teu bisa jeung hésé dikelompokkeun kana mata pelajaran nu geus aya. Substansi muatan lokal ditangtukeun ku satuan pendidikan ngaliwatan pamaréntah daérah. Kalungguhanana dina proses atikan jeung pangajaran sarua jeung kelompok mata pelajaran inti katut pamekaran diri. Ku kituna, mata pelajaran basa Sunda ogé kudu diujikeun jeung niléyna wajib dituliskeun dina buku rapor.

Pangajaran basa Sunda nyekel peranan penting dina kahirupan sosial-budaya masarakat Sunda, nyaéta jadi sarana dina ngabina jeung mekarkeun budaya Sunda. Dina KIKD Mata Pelajaran Basa Sunda Disdik Jabar ditétélakeun yén fungsi pangajaran basa Sunda diluyukeun kana kalungguhan basa Sunda salaku basa daérah jeung sastra Sunda salaku sastra Nusantara.

Pangajaran basa Sunda mibanda fungsi nyaéta (1) sarana ngabina sosial-budaya régional Jawa Barat; (2) sarana ningkatkeun kaweruh, kaparigelan, jeung sikep dina raraga ngamumulé tur mekarkeun budaya Sunda; (3) sarana ningkatkeun kaweruh, kaparigelan, jeung sikep dina ngahontal tur mekarkeun élmu kaweruh, téhnologi, jeung seni; (4) sarana ngabakukeun jeung nyebarkeun makéna basa Sunda dina rupa-rupa kaperluan; (5) sarana mekarkeun daya nalar; jeung (6) sarana nyangkem anéka ragam budaya daérah Sunda.

Tumali jeung éta fungsi, pangajaran basa Sunda mibanda tujuan sangkan (1) siswa meunang pangalaman maké basa jeung sastra Sunda; (2) siswa ngajénan jeung mekarkeun basa Sunda salaku basa daérah di Jawa Barat, anu sakaligus mangrupa basa indung pikeun réréana masarakatna; (3) siswa nyangkem basa Sunda tina jihat wangun, harti, jeung fungsina, sarta bisa makéna kalawan keuna tur rancagé pikeun rupa-rupa kontéks tujuan, kaperluan, jeung kaayaan; (4) siswa

Lisna Yulia Herliani, 2021

**IMPLEMENTASI KURIKULUM DAÉRAH 2013 RÉVISI 2017 PANGAJARAN BASA SUNDA DINA NYUSUN RPP SA-KECAMATAN LANGKAPLANCAR KABUPATEN PANGANDARAN TINGKAT SMA/SMK/MA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

bisa maké basa Sunda pikeun ningkatkeun kamampuh inteléktual, sarta kadéwasaan émosional jeung sosial; (5) siswa mibanda kamampuh jeung disiplin dina maké basa Sunda; (6) siswa bisa ngararasakeun jeung ngamangpaatkeun karya sastra Sunda pikeun ningkatkeun kaweruh jeung kamampuh maké basa Sunda, mekarkeun kapribadian, tur ngajembaran wawasan kahirupan; jeung (7) ngajénan tur mikareueus sastra Sunda minangka kabeungharan budaya jeung inteléktual manusa Sunda. Éta tujuh tujuan pangajaran basa Sunda téh dina enasnasna nyoko kana tilu tujuan utama, nyaéta (1) tujuan praktis; (2) tujuan tioritis; jeung (3) tujuan idéologis. Tujuan praktis nyoko kana hontalan sangkan siswa mibanda kamampuh pasif bisa nyangkem naon-naon diregepkeun tur dibacana jeung kamampuh aktif bisa nyarita jeung nulis. Tujuan tioritis nyoko kana hontalan sangkan siswa mibanda kaweruh ngeunaan basa Sunda, anu bisa dipaké pikeun ngawasa basa Sunda. Tujuan idéologis nyoko kana hontalan sangkan siswa mibanda sikap ngabudaya bangsa tina basana. Pikeun ngahontal éta tujuan, perlu diayakeun rupa-rupa tarékah dina pangajaran basa Sunda, di antarana waé (1) ngajembaran gaya basa; (2) miara rasa basa; (3) atikan kasadaran basa; (4) ngajembaran kaweruh basa; jeung (5) miara budaya. Patali jeung éta hal, basa minangka obyék pangajaran perlu dianalisis jeung didéskripsikeun sangkan kanyahoan anasir naon waé anu aya dina éta basa, anu engkéna bisa dipaké bahan ajar pikeun ngahontal tujuan nu tangtu.

Pelajaran basa Sunda geus dilaksanakeun sacara formal di tiap sakola di Jawa Barat ti mimiti sekolah dasar, sekolah menengah, nepika jenjang paguron luhur. Basa Sunda dina lalampahan sarta kalungguhanna sababaraha kali ngalaman parobahan luyu jeung kawijakan pamaréntah daérah anu keur naékna.

Parobahan kurikulum aya dampakna kana impleméntasi pendidikan basa Sunda nepika ngabalukarkeun ayana sababaraha kendala dina pelaksanaanna. Salasahijina ngeunaan nyieun Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP). RPP nyaéta rencana pangajaran anu dimekarkeun sacara rinci nyoko kana silabus, buku téks pelajaran, sarta buku panduan guru. RPP ngawengku (1) idéntitas sakola/madrasah, mata pelajaran, jeung kelas/semester; (2) alokasi waktu; (3) KI, KD, indikator pencapaian kompetensi; (4) materi pangajaran; (5) kegiatan pangajaran; (6) penilaian; jeung (7) media/alat, bahan, sarta sumber diajar. RPP

Lisna Yulia Herliani, 2021

**IMPLEMÉNTASI KURIKULUM DAÉRAH 2013 RÉVISI 2017 PANGAJARAN BASA SUNDA DINA NYUSUN RPP SA-KECAMATAN LANGKAPLANCAR KABUPATEN PANGANDARAN TINGKAT SMA/SMK/MA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

anu hadé kudu luyu jeung Permendikbud Nomor 103 Taun 2014 ngeunaan Pangajaran di Pendidikan Dasar, Menengah sarta nyoko kana silabus.

Satuluyna aya sababaraha prinsip anu kudu diperhatikeun dina pengembangan kurikulum nu bakal jadi pedoman nyusun RPP pikeun guru, nyaéta 1) nyoko kana poténsi, kamekaran, kabutuh, jeung kapentingan siswa sarta lingkunganna. Pikeun ngadukung kana kahontalna éta udagan, pengembangan kompetensi siswa disaluyukeun jeung poténsi, kamekaran, kabutuh, jeung kapentingan siswa sarta lingkunganna. 2) kurikulum dimekarkeun ku merhatikeun pengembangan diri siswa sacara terpadu, nepi ka siswa meunang pangaweruh, pangalaman, jeung kaparigelan anu mibanda ma'na pikeun kahirupanna. 3) kurikulum dikembangkeun relevan jeung kabutuh kahirupan siswa. Ku kituna, kurikulum dikembangkeun ngalibatkeun pihak-pihak anu mibanda kapentingan (stakeholders) pikeun ngajamin relevansi pendidikan jeung kabutuhan kahirupan nyata siswa. Béda jeung RPP dina kurikulum saméméhna, dina kurikulum 2013 RPP kudu ngawengku KI-1, KI-2, KI-3 jeung KI-4 sarta kagiatan inti anu ngaaplikasikeun métode/pamarekan saintifik anu ngawengku léngkah merhatikeun, nanya, ngumpulkeun informasi, ngaasosiasi, jeung ngomunikasikeun.

Nyusun RPP mangrupa hiji hal anu penting pikeun guru guna ngalaksanakeun prosés kagiatan diajar ngajar. Dina nyusun RPP sabagian guru mibanda sababaraha kasulitan. Éta kasulitan mangrupa kurangna pamahaman tujuan kurikulum 2013 jeung penggunaan pamarekan saintifik dina pangajaran, makéna basa dina buku pelajaran anu hésé dipikapaham sarta handapna kamampuh guru dina prosés pangajaran anu bisa numuwuhkeun kréatifitas siswa anu aplikatif.

Tina sababaraha pamahaman di luhur panalungtikan ngeunaan **“Impleméntasi Kurikulum Daérah 2013 Révisi 2017 Pangajaran Basa Sunda dina Nyusun RPP Sa-Kecamatan Langkaplancar Kabupatén Pangandaran Tingkat SMA/SMK/MA”** perlu dilakukeun.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Watesan Masalah**

Idéntifikasi masalah jeung watesan masalah dina ieu panalungtikan, baris dipedar saperti ieu di handap.

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sawatara masalah anu kaidéntifikasi, di antarana:

- a. Lobana parobahan kurikulum anu matak guru jadi bingung jeung gagap dina nyanghareupan sarta ngalaksanakeunna.
- b. Unggal aya parobahan Menteri, robah ogé kana kurikulum sarta aturan-aturan lianna ngeunaan pendidikan.
- c. Parobahan-parobahan éta kurikulum sarta kawijakan-kawijkanna ngabalukarkeun implémentasi pendidikan basa Sunda jadi loba kendala dina pelaksanaanna. Salasahijina dina nyusun RPP.
- d. RPP anu ngawengku sababaraha aspék ogé prinsip ngabalukarkeun guru basa Sunda ngarasa kasulitan dina nyusunna. Padahal RPP mangrupa hiji hal anu kacida pentingna pikeun guru ngararancang sangkan lumangsungna proses diajar ngajar ngahontal kana udagan.
- e. Kasulitan nyusun RPP téh lantaran kurangna pamahaman tujuan kurikulum 2013, penggunaan pamarekan saintifik dina pangajaran, penggunaan atawa makéna basa dina buku pelajaran anu hésé dipikapaham sarta handapna kamampuh guru dina prosés pangajaran anu bisa numuwuhkeun kréatifitas siswa jeung aplikatif.

### **1.2.2 Watesan Masalah**

Dumasar sababaraha pasualan dina impleméntasi kurikulum 2013 dina pangajaran basa Sunda, sangkan panalungtik fokus jeung terarah mangka diperlukeun watesan masalah panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

- a. Komponén RPP pangajaran basa Sunda Tingkat SMA/SMK/MA Sa-Kecamatan Langkaplancar Kabupaten Pangandaran dumasar implementasi Kurikulum Daerah 2013 révisi 2017.
- b. Kualitas RPP pangajaran basa Sunda Tingkat SMA/SMK/MA Sa-Kecamatan Langkaplancar Kabupaten Pangandaran dumasar implementasi Kurikulum

Lisna Yulia Herliani, 2021

*IMPLEMÉNTASI KURIKULUM DAÉRAH 2013 RÉVISI 2017 PANGAJARAN BASA SUNDA DINA NYUSUN RPP SA-KECAMATAN LANGKAPLANCAR KABUPATEN PANGANDARAN TINGKAT SMA/SMK/MA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Daerah 2013 révisi 2017 dina hal kalengkepan idéntitas mata pelajaran, indikator, tujuan pangajaran, matéri ajar, sumber diajar, média pangajaran, kagiatan pangajaran, jeung penilaian.

### **1.3 Rumusan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, aya sawatara masalah anu kaidéntifikasi, di antarana:

- a. Kumaha komponén RPP pangajaran basa Sunda Tingkat SMA/SMK/MA Sa-Kecamatan Langkaplancar Kabupaten Pangandaran dumasar implementasi Kurikulum Daerah 2013 révisi 2017?
- b. Kumaha kualitas RPP pangajaran basa Sunda Tingkat SMA/SMK/MA Sa-Kecamatan Langkaplancar Kabupaten Pangandaran dumasar implementasi Kurikulum Daerah 2013 révisi 2017?

### **1.4 Tujuan Panalungtikan**

Saperti halna nu geus dijéntrékeun dina kasang tukang jeung rumusan masalah, sacara jéntré panalungtikan ieu mibanda dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.4.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaguar kualitas komponén RPP pangajaran basa Sunda Tingkat SMA/SMK/MA Sa-Kecamatan Langkaplancar Kabupaten Pangandaran dumasar implementasi Kurikulum Daérah 2013 révisi 2017.

#### **1.4.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. Komponén RPP pangajaran basa Sunda Tingkat SMA/SMK/MA Sa-Kecamatan Langkaplancar Kabupaten Pangandaran dumasar implementasi Kurikulum Daerah 2013 révisi 2017.
- b. Kualitas RPP pangajaran basa Sunda Tingkat SMA/SMK/MA Sa-Kecamatan Langkaplancar Kabupaten Pangandaran dumasar implementasi Kurikulum Daerah 2013 révisi 2017.

Lisna Yulia Herliani, 2021

*IMPLEMENTASI KURIKULUM DAÉRAH 2013 RÉVISI 2017 PANGAJARAN BASA SUNDA DINA NYUSUN RPP SA-KECAMATAN LANGKAPLANCAR KABUPATEN PANGANDARAN TINGKAT SMA/SMK/MA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



## **1.5 Manfaat Panalungtikan**

Manfaat tina ieu panalungtikan ngawengku manfaat teoritis jeung manfaat praktis.

### **1.5.1 Manfaat Teoritis**

Sacara teoritis ieu panalungtikan dipiharep bisa mibanda pangaweruh ngeunaan basa Sunda, sarta dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan tiori modél RPP basa Sunda dumasar implementasi kurikulum daérah 2013 révisi 2017.

### **1.5.2 Manfaat Praktis**

Ieu panalungtikan dipiharep aya manfaat praktis nu bisa dihontal pikeun panulis ogé masarakat di antarana nyaéta:

#### **a. Pikeun Sakola**

Ieu panalungtikan dipiharep mampu méré informasi ka Kepala Sakola ngeunaan standar nyusun RPP basa Sunda dumasar impleméntasi kurikulum daérah 2013 révisi 2017. Nepi ka engkéna bisa jadi bahan rujukan dina rangka ngaronjatkeun kualitas pangajaran basa Sunda patalina jeung laksanakan impleméntasi kurikulum daérah 2013 révisi 2017.

#### **b. Pikeun Guru**

Ieu panalungtikan dipiharep mampu méré informasi ka guru basa Sunda ngeunaan standar nyusun RPP basa Sunda dumasar impleméntasi kurikulum daérah 2013 révisi 2017. Nepi ka engkéna bisa jadi bahan rujukan dina rangka ngaronjatkeun kualitas pangajaran basa Sunda patalina jeung laksanakan impleméntasi kurikulum daérah 2013 révisi 2017.

#### **c. Pikeun Panalungtik**

Ieu panalungtikan dipiharep mampu méré informasi pikeun panalungtik ngeunaan kualitas komponen RPP anu dijieun guru basa Sunda di Kecamatan

Langkaplancar Kabupatén Pangandaran nepi ka bisa dijadikeun bahan évaluasi dina rangka tatahar diri pikeun jadi guru anu profésional.

## **1.6 Struktur Organisasi Tésis**

Dina ieu tésis, raraga tulisan diwangun ku lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, anu ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung watesan masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta struktur organisasi tésis.

BAB II Ulikan Pustaka, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir. Ieu bab eusina ngeunaan sababaraha teori anu ngarojong sarta relevan pikeun dijadikeun acuan dina panalungtikan anu mangrupa Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) dumasar impleméntasi kurikulum daérah 2013 révisi 2017 sarta panalungtikan saméméhna.

BAB III Méthodologi Panalungtikan. Ieu bab eusina ngeunaan métode panalungtikan, lokasi panalungtikan, sumber data jeung instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, wangenan operasional, tahap ngalaksanakeun panalungtikan, téhnik analisis data, sarta uji kaabsahan data.

BAB IV Hasil jeung Pedaran. Ieu bab eusina ngeunaan hasil panalungtikan jeung ngaguar ngeunaan: (a) Komponén RPP pangajaran basa Sunda Tingkat SMA/SMK/MA Sa-Kecamatan Langkaplancar Kabupatén Pangandaran dumasar impleméntasi Kurikulum Daérah 2013 révisi 2017; jeung (b) Kualitas RPP pangajaran basa Sunda Tingkat SMA/SMK/MA Sa-Kecamatan Langkaplancar Kabupatén Pangandaran dumasar impleméntasi Kurikulum Daérah 2013 révisi 2017.

BAB V Kacindekan jeung Saran pikeun panalungtikan anu dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.